# ПРОЗАЛЫҚ ШЫҒАРМАЛАРДЫ ОҚЫТЫЎ МӘСЕЛЕСИ (7-КЛАСС МЫСАЛЫНДА)

***Тобаназаров А.П.***
*Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институти*
*Қарақалпақстан филиалының еркин излениўшиси*

**Таянч сўзлар:** адабиёт фани, дастур, таксономия, этаплар, хусусиятлар, проза асарлари, методик тавсия.

**Ключевые слова:** литературоведение, программа, систематика, этапы, особенности, прозаические произведения, методические рекомендации.

**Key words:** literary criticism, program, systematics, stages, features, prose works, methodological recommendations.

Илимий жәмийетшилигимизге мәлим, мектеп әдебий әдебий билимлендириўи бәркәмал шахс ретинде тәрбиялаў, ол жағдайда ийгиликли руўхый сапа ҳәм дөретиўшилик қәбилетлерди раўажландырыўда оғада әҳмийетли.Сонлықтан да, жасларды миллий ҳәм жәҳан мәдениятының ең айрықша дөретпелери менен таныстырыў арқалы оларда шығарма қаҳарманларындағы түрли руўхый-етикалық қәсийетлерге жедел ҳәм тыянақлы логикалық ҳәм сезимлик мүнәсийбет оятыў керек болады.

Сол көзқараста алып қарағанымызда, мектеплерде қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың мазмунын белгилеўге хызмет ететуғын ҳәм нәтийжелилигин асырыўда, қалаберсе, әдебий билимлендириўин жетилистирип барылыўында бул пән ушын дүзилген оқыў бағдарламасының сапа дәрежеси ҳәм оның ишинде берилген прозалық шығармалардың үйренилиў бағдарлары айрықша орын тутады. Себеби, әдебият оқыў пәни сыпатында «оқыўшыларда эмоционал, дөретиўшилик, руўхый-манаўайий сыпатларды байытып, дүнықарасын қәлиплестиреди. Әдебият сабақларындағы оқыў материалларын үйрениў оқыўшыларға тек ғана билим берип қоймастан, олардың манаўайий-эстетик талғамын да тәрбиялайды.»

Мәмлекетимизде 2022-2026-жылларда халық билимлендириўин раўажландырыў бойынша миллий бағдарламасының әмелиятқа енгизилиўине

байланыслы (ПФ-134-сан, 11.05.2022) оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын улыўма орта билим бериўши мектеплер ушын дүзилген әдебият пәнин оқытыў бойынша раўажландырыў концепциясы ҳәм жаңа әўлад әдебият сабақлықлары жаратылған. Бул концепцияда бирнеше бөлимлерден:улыўма қағыйдалар, әдебият пәниниң билимлендириўдеги орны, мақсет ҳәм ўазыйпалары, әдебий билимниң тийкары, әдебиятты оқытыўдағы машқалалар, пәнди оқытыўды раўажландырыў стратегиясы ҳәм бағдарлары, улыўма орта билим бериўши мектеп оқыўшыларына әдебият пәнинен қойылатуғын талапларды өз ишине алады. Оған муўапық пәнге байланыслы компетенциялардың класлар бойынша қәлиплесиўи төмендегише:

| | **Мазмуны** | **7-класс мысалында** | |
|---|---|---|---|
| **ӘК-1** | Шығарманың тийкарғы ҳәм екилемши дәрежели идеясын (идеяларын) аныҡлайды ҳәм пикир билдиреди, бунда әдебият ҳәм басқа пәнлерден алған билимлерине, атап айтқанда айтқанда, дөретпе жаратылған контекст (тарийхый, социал, сиясий, көркем әдебиятқа байланыслы) ҳаққындағы билимлерине ҳәм де өз турмыслық тәжрийбесине сүйенеди. | Шығарманың тийкарғы идеясын аныҡлайды;<br>Шығарманың екилемши идеяларын аныҡлайды;<br>Пикирин тийкарлаў ушын дөретпе текстине;<br>Басқа пәнлерден алған билимлери ҳәм турмыслық тәжрийбесине сүйенген ҳалда дөретпе идеяларына өз қатнасын билдиреди. | **БИЛИМ** |
| **ӘК-2** | Шығармадағы эксплицит (ашық айтылған) ҳәм импицит пикирлерди (тереӊ мәни лерин) билип алады, шығармадан жуўмақ шығарады ҳәм жуўмақларын дәлийллеп береди. | Шығарма тестиндеги имплицит пикирлерди (тереӊ мәнилерин) билип алады;<br>Шығармадан жуўмақ шығарады .<br>Шығарма тектиндеги эксплицит (ашық айтылған) пикирлерди түсиндиреди. | **ТҮСИНИЎ** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **ӘК-3** | Шығарманың сюжетин түсинеди, сюжет элементлерин ажыратады ҳәм шығарма қурлысына пикир билдиреди. | Сюжеттеги ўақыялар избе-излигин дурыс қояды;<br>Ўақыялар избе-из баянланбаған шығармаларда жазыўшы не ушын бундай жол тутқанлығын түсиндирип береди;<br>Шығарма сюжетин қайта айтып береди;<br>Сюжеттеги ўақыялар избе-излигин дурыс қояды. | **ҚОЛЛАНЫЎ** |
| **ӘК-4** | Автор қолланған көркем сүўрет ҳәм көркемлеў қуралларды, сондай-ақ лингвистикалық (фонетикалық, лексикалық, грамматикалық) тәреплерин анализ қылады ҳәм шығармада қоллаўдан нәзерде тутылған мақсетти, олардың оқыўшыға тәсирин түсиндирип береди. | Автор қоллаған сүўретлеў қуралларды (теңеў, метафора, астарлы сөйлеў) табады;<br>Бул сүўретлеў қуралларды шығармада қоллаўдан гөзленген мақсетти ,олардың оқыўшыға тәсирин түсиндирип береди;<br>Автор тилине тән айырым лексикалық айырмашылықларды табады ҳәм бул айырмашылықлардың оқыўшыға тәсирин анализ етеди;<br>Таныс емес сөзлер мәнисин сөзликлер, басқа дереклер яки контекстен анықлайды. | **ТАЛҚЫЛАЎ (АНАЛИЗ )** |
| **ӘК-5** | Шығармадағы образларды анализ қылады, оларға пикир билдиреди ҳәм пикирди текст, басқа да мағлыўматлар яки өмирден алынған мысаллар жәрдеминде дәлийллеп береди. | Шығармадағы тийкарғы ҳәм екилемши образларға пикир береди;<br>Олардың бир-бирине мүнәсийбетин анализ етеди;<br>Образларға өз баҳасын береди ҳәм турмыслық тәжрийбесине сүйенген ҳалда баҳа береди. | **УЛЫЎМАЛАСТЫРЫЎ (СИНТЕЗ)** |

| | | | |
|---|---|---|---|
| ӘК-6 | Шығарманың түрли тәреплерин (мәселен, кино, кино, театр, көркем өнердеги) салыстырып, уқсаслық ҳәм айырмашылықларын айтады, пикир билдиреди. | Дөретпе тийкарында иллюстрациялар ҳәм сүўретлерди баянлайды;<br>Дөретпе тийкарында исленген иллюстрациялар ҳәм сүўретлердиң шығарманың тийкарғы идеясын, дөретпе сюжетиндеги ўақыя ямаса образды (образларды) ашып бериўине пикир билдиреди;<br>Дөретпе ҳәм оның тийкарында исленген мультфилм ямаса көркем фильмлерди, спектакллерди салыстырып,уқсас ҳәм айырықшалық тәреплерин табады. | БАҲАЛАЎ |

Ҳәзирги ўақытта оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын мектеплер ушын дүзилген «Қарақалпақ әдебияты» пәни бағдарламасының еки түрли:

1.Бүгинги күндеги әмелияттағы алдыңғы пән бағдарламасы;

2.Жаңаланған ҳәм жетилистирилген пән бағдарламасы. Ҳәр еки «Қарақалпақ әдебияты» пәни бағдарламасының дидактикалық, методикалық жақтан пухталық тәреплери бар. Солардан, бағдарламаларда әдебият пәниниң тийкарғы мақсети сыпатында миллий ҳәм дүнья әдебиятының әжайып үлгилерин оқытыў арқалы оқыўшылардың руўхый, әдеп-икрамлылық дүньясы әдебий-эстетикалық көзқарасын қәлиплестириў ҳәм оларда еркин пикирлеў, образлы саналы байланыслы билим, көнликпе, уқыплылықларды пайда етиў ҳәм раўажландырыў, оқыўшыларды көркем әдебиятқа қызықтырыў, шығармаларды үйретиў барысында әлем ҳәм инсан тәбияты, миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қадириятлар, сондай-ақ китап оқыў мәдениятын қәлиплестириў арқалы оқыўшылардың руўхый дүньясын, дүнья танымын беккемлеп барыў ҳаққында сөз етилген. Соның менен бирге пәнди усы окытыўдың байланыслы келип шығатуғын тийкарғы ўазыйпалар атап көрсетилген.

Оған муўапық улыўма орта билим бериў мектеплеринде қарақалпақ әдебияты пәнин окытыўдың баслы тийкарғы ўазыйпалары қатарында оқыўшылардың аўызеки ҳәм сөйлеўи әдебий тил өлшемлери негизинде қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўын тәмийинлеў, сөйлеў компетенциясын өсириў, жазба сөйлеўде жоқары саўатханлық, әдебий тил өлшемлерине әмел етиў, стиллик рәң-бәреңликтен пайдалана алыў, көнликпе ҳәм уқыплылықларын раўажландырыў ҳәм қарақалпақ әдебияты пәни мазмунынан келип шыққан ҳалда оқыўшыларда таяныш ҳәм пәнге тийисли компетенцияларды қәлиплестириў зәрүрлиги инабатқа алынған.

Жаңаланған ҳәм жетилистирилген пән бағдарламасы тийкарғы өзгешеликлериниң бири жәҳан педагогикасының жетискенликлери ҳәм тәжрийбелеринен кеңнен пайдаланғанлығы ҳәм хәзирги талапларына итибар берилип дүзилгенлиги, атап айтқанда, оқыўшыларда пән бойынша қәлиплестирилиў нәзерде тутылған компетенциялар америкалы алым Б.Блум жаратқан оқыў мақсетлериниң тийкарғы түсиниклериниң иерархиялық таксономиясына сәйкеслестирилген.

**Бенжамин Блум Таксономиясы.** Оқыў мақсетлериниң тийкарғы түсиниклериниң таксономиясы.(ОМТТТ). Бул ҳаққында пикир жүргизген де биринши гезекте таксономия туўралы билиўимиз керек болады.

Таксономия-(грекше сөз болып, *«Taxis»*-избе-из жайластырыў *«Nomos»*-нызам) искерликтиң қурамалы шөлкемлестирилген орайларын системазациялаў ҳәм классификациялаў теориясы, жай иерархиялық дүзилис дегенди аңлатады. Бул терминди биринши рет илимде швециялы ботаник О.Декандол тәрепинен өсимликлерди қайта классификациялаўда қолланылған. Ал билимлендириў технологиялары саласында Б.Блум тәрепинен 1956-жылы педагогикалық мақсеттиң биринши рет таксономиясын жаратты. Соған байланыслы Б.Блум ҳәм Д.Кратвол билимлендириў мақсетиниң областин (орайын) үшке бөлип көрсетеди.Булар когнитивлик (предметтиң мазмунын өзлестириўдиң талапларына байланыслы), психомоторлық (ҳәрекетшең *нервли-нышанлық* искерликтиң раўажланыўы ) ҳәм аффективлик (эмоциональ-баҳалылық области, *үйренилип атырған мәселеге байланыслы*).

Белгили америкалы психолог Б.Блум (1913-1999) илимий изертлеўлерине қарағанда, педагогикалық мақсеттиң таксономиясы бойынша инсан ой- өрисиниң раўажланыўы билиў, түсиниў, қолланыў, талқылаў, улыўмаластырыў, баҳалаў дәрежелеринде болады. Солардан:

**Билиў**-дәслепки ой-өристиң дәрежеси болып, бунда оқыўшы атамаларды атай алады, анық қағыйдалар,түсиниклер ҳәм тағы баскаларды биледи.

**Түсиниў** дәрежесиндеги ой-өриске ийе болғанда болса оқыўшы фактлер, қағыйдалар, схема, таблицаларды түсинеди. Келтирилген мағлыўматлар арасынан кейинги ақыбетлерди, нәтийжелерди болжап шамалай алады.

**Қолланыў** дәрежесиндеги ой-өристе оқыўшы алған билимлеринен тек дәстүрий ғана емес, бәлким дәстүрий болмаған жағдайда да пайдалана алады ҳәм оларды дурыс қолланады.

**Талқылаў (анализ)** дәрежесиндеги ой-өристе оқыўшы пүтин бөлеклерди ҳәм олар ортасындағы өз-ара байланысларды ажырата алады, пикирлеў логикасындағы қәтелерди көреди, фактлер ҳәм ақыбетлер арасындағы парқларды ажыратады, мағлыўматлардың әҳмийетин баҳалайды.

**Улыўмаластырыў** дәрежесиндеги ой-өристе оқыўшы дөретиўшилик жумысты орынлайды, кандайда бир тәжрийбе өткериў режесин дүзеди, бирнеше тараўлардағы билимлерден пайдаланады. Мағлыўматларды жаңалык жаратыў ушын дөретиўшилик пенен қайта ислейди.

**Баҳалаў** дәрежесиндеги ой-өристе оқыўшы өлшемлерди ажырата алады, оларға әмел қыла алады, өлшемлердиң ҳәр түрлилигин көреди, жуўмаклардың бар мағлыўматларға маслығын баҳалайды, фактлер ҳәм баҳалаўшы пикирлер арасындағы парқларды ажыратады. Алым жаратқан педагогикалық мақсеттиң таксономиясының категорияларын (когнитивлик, оқыў-билиў области, оқыў материаллының мазмунын өзлестириў көзқарасынан алып қаралады) ҳәм олардың айырмашылықларын фейиллер арқалы түсиндирилиўин, сондай-ақ, қарақалпақ әдебияты сабақларында прозалық шығармаларды оқытыў әмелиятында қолланыў үлгисин төмендеги таблицада келтиремиз.

*Мектеплерде жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Муғаллимге рахмет» повестнн өзлестириў бойынша Б.Блум таксономиясын қолланыў үлгиси*

| Таксономия басқышлары | Сораў ҳәм тапсырмалардың үлгилери |
|---|---|
| ***БИЛИМ*** | Повесттиң атын тусиндириң .<br>Повесттиң бас әдебий қаҳарманларын атап өтиң .<br>Шығармада сүўретленген ўақыяларды баян етиң<br>Повесттиң авторы ким? |
| ***ТҮСИНИЎ*** | Повесттеги ўақыялар дизбеги шешимине комментарий келтириң<br>Повесттиң мазмунын қысқаша баян етиң .<br>Меңлимурат ҳәм Турдымурат киби образлардың шығарма сюжетиндеги орны ҳаққында түсиник бериң. |
| ***ҚОЛЛАНЫЎ*** | Шығарма ўақыяларын өзиниңиздиң ой елегиңизден өткерип көриң .<br>Тәсирли орынларын көрсетиң .<br>Повесттеги ўақыялар ҳәзирги күнде жүз бергенсе қандай түс алған болар еди?<br>Турдымураттың ата-анасының оқыў мәселесиндеги пикирлерине құлақ салып сәўбетлесиң |

| | |
|---|---|
| ***ТАЛҚЫЛАЎ (АНАЛИЗ )*** | Сол дәўирдеги балалардың оқыўға бармаўының ис-ҳәрекетлериниң себеплерин тусиндириң.<br>Меңлимурат муғаллим менен Турдымураттың әкеси арасындағы жәмийетлик турмысқа болған болған мүнәсийбетин өз-ара салыстырың.<br>Образлардың характери менен олардың ис-ҳәрекетлерин байланыстырың.<br>Турмыслық шәрт-шараят қаҳарманлардың характерине қандай тәсир көрсеткенлигин түсиндириң. |
| ***УЛЫЎМАЛАСТЫРЫЎ (СИНТЕЗ )*** | Бул повесттиң сюжетин редакторлаўға ҳәрекет етиң .<br>Повесттиң жуўмақланыўына өзгерислер киритиң .<br>Өзиңизди қаҳарманлардың орнына қойып көриң.<br>Повесттиң идея-тематикасы бойынша қосық ямаса басқа киши көлемли дөретпе жазың. |
| ***БАҲАЛАЎ*** | Шығарма жуўмағын баҳалаң.<br>Повестке рецензия жазың .<br>Дөретпе қаҳарманларын ақлаң ямаса қаралаң .<br>Гүрриңниң мазмуны турмыс шынлығына сәйкеслигин дәлиллең. |

Демек, илимпаздың бундай илмий-педагогикалық көз-қарасын бүгинги заманагөй педагогикалық технологияның пән сыпатында пайда болып, қәлиплесип раўажланыў ҳәм оқытыў әмелияты тарийхында айырықша орынды ийелеген ҳәм буны қарақалпақ әдебиятын методикасы саласында мақсетли қолланылғанлығы дыққатқа ылайық.

Биз сөз етип отырған ҳүкимет тәрепинен тастыйықланған бүгинги күндеги әмелияттағы алдыңғы пән бағдарламасы қарақалпақ әдебияты пәни бағдарламасында бир қатар жетискенликлери бар болыўына қарамастан, базы бир толықтырылыўы лазым орынлар ушырасатуғын еди.

Атап өткенде, онда қәнигелестирилген (әскерий ўатан сүйиўшиликке бағдарланған, әдебият пәни тереңлестирилип өтилетуғын класлар ушын) ҳәм дөретиўшилик мектеплериниң тереңлестирилген әдебий билимлендириў жөнелислерге ийе екенлиги есапқа алынбаған. Буннан тысқары қарақалпақ әдебият пәнинен кластан оқыў сабақларын үйренилиўи тийис болған шығармалар бойынша тыянақлы методикалық усыныслар берилмеген. Соның менен бирге оқыўшылардың интелектуал имканиятларынан келип шығып, тәрбияланыўшыларды жеделлестириў, оқыўға интасын жоқарылатыў, әдебият сабағын оқытыўдың сапасын, нәтийжелилигин арттырыў бойынша толығырақ методикалық усыныслар берилмеген. Әсиресе, мектеп оқыўшыларының әдебий текст үстинде өзинше талқылап, еркин пикир жүрите алатуғын, керек жеринде критикалық көзқараста бола алатуғын көркем-эстетикалық талғамы күшли инсанлар етип қәли-

плестириўди де нәзерден шетте қалдырылмаўы керек. Негедур, 7-класта болса улыўма қаракалпақ прозалық шығармалардың үлгилери берилмеген еди. Ал, жаңаланған ҳәм жетилистирилген қарақалпақ әдебияты пәни бағдарламасында болса берилген. Мәселен, жазыўшы К.Мамбетовтың «Түркистан» романы, С.Жумағуловтың «Қарыз» гүррињи, қосымша оқыў сыпатында усыныс етилген жазыўшы К.Алламбергеновтың «Күшик ҳәм бала» гүрриңлери киргизилген ҳәм жоқарыдағы баян етилген мәселелер анағурлым өз шешимин тапқан.Буннан тысқары усы бағдарламада сабақта окыў анализи әдебиятты оқытыўдағы ең тийкарғы жумыс болып оқыўшылардың өз бетинше пикирлеўге, көркем анализ етиў ҳәм аўызша компонентликке үйрететуғынлығы, анализ процессинде оқыўшылардың жас өзгешеликлери, ойлаў дәрежелери, психилогиялық раўажланыў басқышларының жағдайларын есапқа алыў зәрүрлиги тоқталып өтиледи.

Сондай-ақ, бағдарламада берилген методикалық усыныс ҳәм шешимлерге дыққат қаратсақ, онда атап көрсетигендей, әдебият сабақларында шығармалар сораў ҳәм тапсырмалар жәрдеминде ҳәр тәреплеме анализ етиў арқалы оларды үш басқышта: шығарманы оқыўдан бурын, оқыў даўамында ҳәм оқығаннан кейин шөлкемлесиўи ҳәм де ҳәрбир басқыш алдына конкрет, айырықша ўазыйпаларды қойып, әмелге асырылса оқыўшылардың шығарманы анализ етиў ушын хызмет етеди.

«…Анализде тийкарғы итибар дөретпе мазмунын билиўи менен бирге,оның эстетикалық қымбатын көрсетиўге, көркемлигин тәмийнлеген факторларды алыўы керек. Пуқта ҳәм тереӊ оқыў анализине үйренилип атырған шығарманың сезимине тәсир етиўин тәмийнлейди.Ишки сезимге көрсетилген тәсир, әлбетте, шахстың руўхый санасын раўажландырады»-делинген.

Сол орында мынаны атап көрсетиў зәрүр, бул бағдарламаның өзгешеликлеринен бири сонда: алдынлары болғаны сыяқлы, «Әдебият» сабақларында ҳәр бир үйренилген дөретпе дөгерегинде методикалық мақала («дөретпе ҳаққында» бөлими) бериў тәжрийбесинен пайдаланылмаған. Себеби, сабақлық авторларының бундай мақалалары оқытыўшыларды да, бирдей пикирлеўге ямаса толық пикирлемеўине алып келеди.Әне сол мақсетте бул бағдарламада да, алдынғы жылларда қабыл етилген бағдарламалардан өзгешелиги тек усыныс етилген дөретпелер дизими келтириледи ҳәм шығарманы қандай айтыў кереклигин көрсетиўши аннотациялар көрсетилмеген. Ал сабақлық авторлары тәрепинен үйренилген дөретпе тексти анализине бағдарланған сораў-тапсырмалар берилиўинде сораў-тапсырмалардың фактологиялық емес, ал өз бетиинше пикирлеўге

үйрететуғын, дөретпе анализине жәрдем беретуғын концептуал характерде болыўы кереклиги усыныс етиледи. Бул бағдарламада 5-9-класларда дөретиўшилердиң өмири ҳәм дөретиўшилик жолы бойынша сыпатлама берилмейди. Себеби, өспирим жастағы оқыўшылар ушын жазыўшының өмирбаяны менен оның дөретпелери ортасындағы байланыслылық онша зәрүрли емес деп есапланылған. Оқыўшылардың жасы азмаз өсип, турмыс тәжрийбеси артқанда ғана дөретпе менен автор турмыс ортасындагы байланыслылықты байкаўы мүмкин.

Әдетте, жазыўшылар өмир жолы еки мақсетте үйрениледи. Бириншиден, дөретиўши өмирбаяны оның класта анализ етилетуғын дөретпелерин тереңрек түсиниўге жәрдем береди. Екиншиден, жазыўшы өзлигинде ибратлы этикалық өзгешеликлер мысалында окыўшыларда ийгиликли руўхый пикирлерди кәлиплестириўге ерисиледи. Сол себепли де 10-11-класқа келип, яғный әдебият оқыў пәни илимий система түсинигин алғаннан кейин ғана дөретиўшилердиң өмир жолы үйренилиўи нәзерде тутылады.

Улыўмаластырып айтқанда, мектеплерде қарақалпақ әдебияты сабақларында прозалық шығармаларды оқытыў процессиниң илмий-дидактикалық жақтан тәмийнатының толықлығы, оның дәўир талапларына ылайық ҳалда сапа ҳәм нәтийжелилигиниң артыўына тийкар болады.

**Әдебиятлар:**

1. Тўйчиева М. Адабиѐт дарсларида педагогик вазифалар: мазмун, моҳият // Халқ таълими. – Т., 2017. №6.57-бет.

2. Улыўма орта билимленлириўде әдебият пәнин оқытыў бойынша раўажландырыў концепциясы.[Электрон текст] Нөкис, РБО, 2022-жыл

3. Нийетова Р, Мәмбетов И, Жаксымова Г.Әдебият.7-класс ушын сабақлық.Т.., Республикалық билимлендириў орайы, 2022-жыл. 224-бет.

4. Оразымбетов Қ, Генжемуратов Б, Бегмуратова Г. Әдебият.7-класс ушын сабақлық.Т.., Республикалық билимлендириў орайы, 2022-жыл. 224-бет.

5. Оразымбетов Қ, Генжемуратов Б, Бегмуратова Г. Әдебият.10-класс ушын сабақлық. [Электрон текст] Т.., Республикалық билимлендириў орайы, 2022-жыл. 312-бет.

6. Bloom B.S. Handbook on Formative and Summative Evaluation of Student Learning. N-Y., McGraw-Hill, 1971. –P. 232.

7. Байжанов Х.С, Данияров Д.Қ.Заманагой педагогикалық технология тийкарында оқытыў усыллары.Н.., «Қарақалпақстан», 2017, 21-22-бет.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада умумий ўрта таълим мактабларида 7-синф адабиёт дарсларида проза асарларини ўқитишнинг илмий-методик масалалари ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье говорится о научно-методических вопросах преподавания прозаических произведений на уроках литературы в 7 классе общеобразовательной школы.

**SUMMARY**

This article talks about scientific and methodological issues of teaching prose works in literature lessons in the 7th grade of a secondary school.